Научная статья
УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2023-2-57-36-45

# XXI ЛІЭЩІЫГЪУЭМ И ПЭМ КЪЫДЭКІА АДЫГЭБЗЭ (КЪЭБЭРДЕЙ-ШЭРДЖЭСЫБЗЭ) ПСАЛЪАЛЪЭХЭР (2000–2015 гъгъ.) I Iыхьэ

***АфIэунэ Анджелэ Анэтолэ ипхъу***

Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институт – Федеральнэ къэрал бюджет щIэныгъэ IуэхущIапIэ «Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центр» Федеральнэ щIэныгъэ центрым» и филиал, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ, Налшык къалэ, Урысей, martazei@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-7560-6985

© АфIэунэ А.А., 2023

***Аннотацэ***. XXI-нэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм къыдэкIа адыгэбзэ псалъалъэхэр щызэпкърыхыныр статьям и мыхьэнэ нэхъыщхьэу хуоувыр. Материалыр зэрыиным къыхэкIкIэ, текстыр тIу ищIыкIащ, мы лэжьыгъэм къыщыгъэлъэгъуар япэ Iыхьэрщ. Къэхутэныгъэр 2000–2015 гъэхэм и кIуэцIым адыгэбзэр лъабжьэ хуэхъуауэ дунейм къытехьа псалъалъэ псоми топсэлъыхьыр, я теплъэр, я ухуэкIэр, зэрызэщхьэщыкIыр, ехъулIэныгъэ, щхьэхуэныгъэ яIэхэр убзыхуауэ, адыгэ бзэщIэныгъэми еджэныгъэми ахэр щхьэпэ зэрахуэхъуныр гъэбелджылауэ. Лэжьыгъэм хэтщ еджапIэхэм папщIэ къыдэкIа псалъалъэхэри, щIэныгъэ унэтIыныгъэ зиIэ къыдэкIыгъуэхэри. Къэхутэныгъэм и мурад нэхъыщхьэр − къызэщIэкъуауэ псалъалъэхэм тетхыхьынырщ, я къалэныр зэхэгъэкIынырщ. Зэпкърыхыныгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, я унэтIыныгъэкIэ ахэр зэмылIэужьыгъуэщ: зы бзэу зэхэтхэр (псалъэгъэнахуэ), бзэ зыбжанэу зэхэгъэувахэр (зэзыдзэкI), псалъафэхэр, къэдмыгъэсэбэпыж хъуа, щIыпIэбзэ-псэлъэкIэ псалъэхэр щызэхуэхьэсахэр, пэжырытхэм, этимологием хуэунэтIахэр.

УрысыбзэкIи адыгэбзэкIи мы темэм теухуа тхыгъэ хэха зэрыщымыIэм къыхэкIкIэ мыпхуэдэ зэпкърыхыныгъэм япэ дыдэу зепщытынырщ щIэуэ лэжьыгъэм щыхэплъагъуэр. КъыщинэмыщIауэ тхыгъэм и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор БищIо Борис адыгэбзэм хузэхилъхьа бзэщIэныгъэ фIэщыгъэцIэщIэхэр къызэрыгъэсэбэпар.

Статьяр гъэхьэзырыным сэбэп хъуащ бзэщIэныгъэ къэхутэныгъэ методхэу кIэлъыплъыныгъэ, тетхыхьыныгъэ, зэхэхуныгъэ, зэзыгъапщэ-зэпэзыгъэув зэпкърыхыныгъэхэр.

Къэхутэныгъэм къэрикIуахэр щыхьэт тохъуэ адыгэбзэр лъабжьэ хуэхъуу къэгъэлъэгъуа лIэщIыгъуэм къыдагъэкIа псалъалъэхэр щIэныгъэ илъэныкъуэкIэ, ухуэкIэкIэ, псалъэ бжыгъэкIэ, я зэкIэлъыхьыкIэкIэ нэхъ нэгъэсауэ зэрыщытыр. ГурыIуэгъуэщ, апхуэдэ ехъулIэныгъэр зэбгъэгъуэтын папщIэ, ипэкIэ къыдэкIа псалъалъэхэр, зэхуэхьэсауэ щыIэ картотекэхэр къагъэсэбэпащ, ахэр абыкIэ лъабжьэфI хъуащ икIи авторхэм я тхыгъэхэм зыужьыныгъэфI ирагъэгъуэтащ. Убзыхуащ статьям къыщыхьа псалъалъэхэр лексикографие тхыгъэхэм къыхуагъэув хабзэхэм тету зэрызыхагъэувар, адыгэ бзэщIэныгъэм згъэужьыным илъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр, адыгэбзэм ирипсалъэхэм къыщинэмыщIаи, ар зэзыгъэщIэну хуейхэм я бзэр нэхъ шэрыуэ, къулей хъуным зэрытелэжьэнур.

***Зэрыгъуэзэн псалъэхэр:*** адыгэбзэ, грамматикэ, лексикографие, псалъалъэ, гуэшыныгъэ

***Цитатэ къызэрыхэпхынур**:* АфIэунэ А.А. XXI лIэщIыгъуэм и пэм къыдэкIа адыгэбзэ (къэбэрдей-шэрджэсыбзэ) псалъалъэхэр (2000–2015 гъгъ.) I Iыхьэ // Вестник КБИГИ. 2023. № 2 (57). С. 36–45. DOI: 10.31007/2306-5826-2023-2-57-36-45

Original article

## ADYGHE (KABARDINO-CIRCASSIAN) DICTIONARIES, PUBLISHED IN THE FIRST HALF OF THE XXI CENTURY (2000–2015) I part

***Angela A. Afaunova***

Institute for the Humanities Research – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences», Kabardino-Balkarian Republic, Nalchik, Russia, martazei@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-7560-6985

© A.A. Afaunova, 2023

***Abstract***. The main purpose of the article is to analyze the dictionaries of the Kabardian-Circassian language published in the first half of the 21st century. Due to the fact that the material is large, the work is divided into two parts. The first part of the study describes all the dictionaries of the Kabardino-Circassian language published during 2000–2015: highlights their merits, content, structural, typical features; their significance for both scientific and general educational activities is assessed. The task of the work is to collect all the dictionaries of the Kabardino-Circassian language of this period, give a general overview, analyze and determine their meaning. As the analysis shows, they are diverse in direction: monolingual (interpretative), multilingual (translated), phraseological, archaic, dialectal, spelling, etymological.

Since there are no significant works on the topic either in Kabardino-Circassian or in Russian, there is an urgent need for research on this topic, which is the novelty of the presented work. In addition, one of the main innovations is the use of B.Ch. linguistic terms of the Adyghe languages.

To prepare the work, such methods of philological research as observation, description, analysis and comparative method were used.

With the help of the obtained results, the following conclusions can be drawn: the dictionaries published on the basis of the Kabardino-Circassian language in the presented period are the most developed, improved both in scientific orientation, and in construction, and in the number of words. It is clear that in order to obtain such high results, previously published dictionaries, collected card indexes were used, they became a good help and the authors seriously developed the existing material. It is proved that the analyzed books are compiled in accordance with all the requirements for lexicographic publications, that they are of great importance for the development of the Adyghe grammar, thus, in the future, they will provide good assistance for enriching and expanding the vocabulary for both native speakers and students. Kabardino-Circassian language.

***Keywords**:* Kabardino-Circassian language, grammar, lexicography, dictionary, typology

***For citation**:* Afaunova A.A. Adyghe (Kabardino-Circassian) dictionaries, Published in the first half of the XXI century (2000–2015). I part. Vestnik KBIGI = KBIHR Bulletin. 2023; 2 (57): 36–45. (In Kabardino-Circassian). DOI: 10.31007/2306-5826-2023-2-57-36-45

Научная статья

## АДЫГСКИЕ (КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКИЕ) СЛОВАРИ, ИЗДАННЫЕ В ПЕРВОЙ ПОЛОВИНЕ XXI ВЕКА (2000–2015 гг.) I часть

***Анджела Анатольевна Афаунова***

Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-

Балкарский научный центр Российской академии наук», Кабардино-Балкарская республика, Нальчик, Россия, martazei@mail.ru, https://orcid.org/0000-0002-7560-6985

© А.А. Афаунова, 2023

***Аннотация***. Главная цель статьи − подвергнуть анализу словари кабардино-черкесского языка, изданные в первой половине XXI века. По причине того, что материал большой, работа разделена на две части. В первой части исследования описываются все словари указанного языка, выпущенные в течение 2000–2015 годов: освещаются их достоинства, содержательные, структурные, типовые особенности; оценивается их значимость как для научной, так и для общеобразовательной деятельности. Задача работы – собрать все словари кабардино-черкесского языка данного периода, дать общий обзор, проанализировать и определить их значение. Как показывает анализ, по направленности они разнообразны: одноязычные (толковые), многоязычные (переводные), фразеологические, архаичные, диалектные, орфографические, этимологические.

Так как значительных трудов по теме ни на кабардино-черкесском, ни на русском языках не существует, возникает острая необходимость исследований по данной теме, в чем и заключается новизна представленной работы. Кроме того, одним из главных нововведений является использование разработанных доктором филологических наук Бижоевым Б.Ч. лингвистических терминов адыгских языков.

Для подготовки работы были использованы такие методы филологических исследований как наблюдение, описание, анализ и сравнительно-сопоставительный метод.

С помощью полученных результатов можно сделать следующие выводы: опубликованные на основе кабардино-черкесского языка словари в представленный период наиболее проработаны, улучшены и по научной направленности, и по построению, и по количеству слов. Понятно, что для получения таких высоких результатов были использованы ранее изданные словари, собранные картотеки, они стали хорошим подспорьем и авторы серьезно развили имеющийся материал. Показано, что проанализированные книги составлены в соответствии со всеми требованиями, предъявляемыми к лексикографическим изданиям и имеют большое значение для развития адыгской грамматики. Они также способствуют обогащению и расширению словарного запаса как носителей языка, так и всех, кто изучает кабардино-черкесский язык.

***Ключевые слова***: кабардино-черкесский язык, грамматика, лексикография, словарь, типологизация

***Для цитирования***: Афаунова А.А. Адыгские (кабардино-черкесские) словари, изданные в первой половине XXI века (2000–2015 гг.). I часть // Вестник КБИГИ. 2023. № 2 (57). С. 36–45. DOI: 10.31007/2306-5826-2023-2-57-36-45

XXI лІэщІыгъуэм адыгэбзэм и жыІэгъуэхэр щызэхуэхьэса псалъалъэ куэд дунейм къытехьащ. Ахэр бзэщІэныгъэр егъэфІэкІуэным, абы адэкІэ зиужьыным щхьэпэ хуэхъуащ: лексикографие щІэныгъэм куэдкІэ нэхъ зиубгъуащ, лэжьыгъэхэри нэхъ купщІафІэ хъуащ. Апхуэдэхэщ еджакІуэхэм хуэунэтІахэри щІэныгъэ мыхьэнэ зиІэ тхылъхэри.

Мы лІэщІыгъуэм еджапІэхэм папщІэ ягъэхьэзыращ къыдэкІыгъуэ зыбжанэ. Псалъэм папщІэ, 2001 гъэм **Бэрбэч Б.Ч., БищІо Б.Ч., ІутІыж Б.Къу.** сымэ зэхагъэуващ «**Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэ»**-р [Бэрбэч, БищІо, ІутІыж 2001]. Тхылъым щІэныгъэ редактор хуэхъуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор БищІо Борис. Псалъалъэм щызэпкърыхащ псалъафэу 2300-м щІигъу.

Псалъафэхэр, зэкІэщІэпч мыхъу псалъэ зэпхахэр псэлъэкІэр нэхъ дахэ, шэрыуэ, щІэщыгъуэ зыщІ Іэмалщ. Ахэр зэхуэхьэсынымкІэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ Къардэн Б., Емуз А., Табыхъу Хь. сымэ. Абы нэмыщІ, гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и адыгэбзэ къудамэм и лэжьакІуэхэм зэрагъэпэща картотекэ мыщІыкІу щыІэщ. А псор дэІэпыкъуэгъу къахуэхъуащ авторхэм тхылъыр щагъэхьэзырым.

Япэрей къыдэкІыгъуэхэм къащхьэщызыгъэкІ нэщэнэ зыбжанэ мыбы дыболъагъу. Япэрауэ, псалъафэ гурыІуэгъуэм и гъунапкъэм къримыубыдэхэр –

псалъэжьхэр, псалъэ зыбжанэу зэхэт фӀэщыгъэцӀэхэр – хамыгъэхьэну хущӀэкъуащ. ЕтӀуанэрауэ, авторхэр яужь итащ еджапӀэ программэм ипкъ иткӀэ яджын хуей тхыгъэхэм узыщрихьэлӀэ псалъафэхэр псори къызэщӀаубыдэну. Ещанэрауэ, псалъафэхэр зэрытха бзэр еджакӀуэ ныбжь псоми папщӀэ гурыӀуэгъуэу щытыным елэжьащ. ЕплӀанэрауэ, адрей псалъафэ псалъалъэ лӀэужьыгъуэ щыӀэхэм (зэзыдзэкӀ псалъалъэхэм) къащхьэщыкӀыу, мыбы адыгэ псалъафэхэм я мыхьэнэр адыгэбзэм и ӀэмалхэмкӀэ щыгъэнэхуащ, щапхъэхэри адыгэ литературэм къыхэхащ, н.ж. тхылъыр псалъафэхэмкӀэ япэ адыгэ лъэпкъ псалъалъэу дунейм къытехьащ.

Псалъалъэ статьяхэм мыпхуэдэу ухуэкӀэ яӀэщ: езы псалъафэ занэр; стиль, бзэхабзэ илъэныкъуэкӀэ абы иӀэ нэщэнэхэр; мыхьэнэр зыгъэнахуэ Ӏыхьэр; щапхъэхэр. Ахэр тхыпкъылъэкӀэ зэкӀэлъокӀуэ, абы къыхалъытэркъым лэжьыгъэцӀэ зыхэт псалъафэхэм япэ къиувэ еигъэ лъабжьэгъусэр – апхуэдэхэр тхыхь зэпэплӀимэм дэтщ. Псалъафэр зэрызэхэт псалъэхэм я лексикэ лӀэужьыгъуэхэр, языныкъуэ псалъафэхэм езы занэм щымыщу, ауэ дэщӀыгъуу къакӀуэ нэхъ зи хабзэ псалъэхэр тхыхьхэм дагъэуващ.

Псалъафэхэм я нэщэнэу къыхэгъэщащ жьы хъуахэр, щӀыпӀэбзэ узыщрихьэлӀэхэр, стиль илъэныкъуэкӀэ зыхыхьэр.

Мыхьэнэбэ псалъафэхэм къарыкӀ мыхьэнэхэм щыщу япэу игъэуващ нэхъыбэрэ къагъэсэбэпыр, къыкӀэлъыкӀуэхэр бжыгъэкӀэ зэкӀэлъыхьащ. Зэмыхьэнэгъу псалъафэхэм ящыщу зыр ягъэнахуэ, адрейхэр а гъэнэхуам ягъаплъэ.

КъыдэкӀыгъуэм, шэчыншэу, бзэщӀэныгъэм папщӀэ мыхьэнэшхуэ иӀэщ, ар къыкӀэлъыкӀуэ лексикографие лэжьыгъэхэм и щӀэгъэкъуэн яхуэхъуащ.

2005 гъэм **Табыхъу Хь.Къ.** игъэхьэзыращ **«Толковый русско-кабардино-черкесский словарь»**-р («Урыс-адыгэ псалъэгъэнахуэ псалъалъэ») [Табухов 2005]. Псалъалъэм ихуащ иджырей урысыбзэм щыщу 5000-м щӀигъу псалъэхэр, убгъуауэ бзэм къыщагъэсэбэп жыӀэгъуэхэр, псалъэ зэпхахэр, псалъафэхэр. Ахэр къыщыхихым гулъытэ нэхъ зыхуищӀар бзэм папщӀэ мыхьэнэшхуэ зиӀэ, нэгъуэщӀ псалъэхэм дэщӀыгъуу псалъэ зэпха, псалъэ зэхэлъ къэзыгъэхъуф, псалъэщӀ Ӏэмал нэхъыбэ зиӀэхэрщ.

Псалъэхэр урысыбзэ тхыпкъылъэм ипкъ иткӀэ зэкӀэлъыхьащ, урысыбзэ хабзэм тету грамматикэ дамыгъэ хуэкӀуэхэр къахуэхьащ, пычыгъуэ зыбжанэ хъу псалъэхэм текъузэхэр тегъэуващ. Мыхьэнэ зыбжанэ зиӀэхэр, ӀукӀэзэщхьэр бжыгъэкӀэ зэщхьэщыхащ, псалъэм къэпсэлъыкӀэ, тхыкӀэ, псалъэщӀ, гъэпсыкӀэ лӀэужьыгъуэ зыбжанэ иӀэмэ, ахэр щыубзыхуащ. Псалъащхьалъэм хыхьащ щыӀэцӀэхэри, плъыфэцӀэхэри, лэжьыгъэцӀэхэри, цӀэпапщӀэхэри, бжыгъэцӀэхэри, къэхъукӀэцӀэхэри, псалъэужьхэри, псалъэзэпыщӀэхэри, псалъэкӀапэхэри.

Гуэлъхьэну псалъалъэм хыхьащ урысыбзэм и псалъафэ, зэмыхьэнэгъу, зэпэщыт псалъэхэм я псалъалъэхэр, пэжырыпсалъэ псалъалъэ кӀэщӀыр, адыгэбзэкӀэ зэдзэкӀауэ урысыбзэм и фонетикэм, морфологием тепсэлъыхь Ӏыхьэ кӀэщӀыр.

2005 гъэм **Урыс Хь.Щ., Зэхъуэхъу Л.Хь.** сымэ я «**Адыгэбзэ пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкӀэмрэ я хабзэхэр»** тхылъыр етӀуанэу къыдэкӀыжащ, зэгъэзэхуэжыныгъэхэр хэлъхьэжауэ [Урыс, Зэхъуэхъу 2005]. Абы хуэзыгъэхьэзырар Гуманитар къэхутэныгъэхэмкӀэ институтым и адыгэбзэ къудамэм и унафэщӀ, филологие щӀэныгъэхэмкӀэ доктор БищӀо Борисщ. Мы тхылъыр япэрейми хуэдэу хуэунэтӀащ адыгэбзэ пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкӀэмрэ егъэфӀэкӀуэным.

Хабзэхэм я бжыгъэми, я зэкӀэлъыкӀуэкӀэми зэхъуэкӀыныгъэ зыри игъуэтакъым, къэрал унафэншэу абыхэм уахэӀэбэ зэрымыхъунум къыхэкӀкӀэ. БищӀом нэхъыбэу зэригъэзэхуар мыхэрщ: урыс литературэм къыхахауэ зэрадзэкӀа щапхъэхэр хигъэкӀащ; хабзэр къызэрыӀуэта бзэм и стилым хэлэжьыхьащ, нэхъ гурыӀуэгъуэ, шэрыуэ хъун папщӀэ; идеологие бгъэдыхьэкӀэ зыгъуэта, тэмэму къэӀуэта мыхъуа пэжырытхэ хабзэ закъуэтӀакъуэхэм я мыхьэнэр нобэрей дунейм къезэгъ ищӀащ.

Тхылъым и гуэлъхьэн Псалъалъэми зихъуэжащ: зи тхыкІэм гугъуехь гуэрхэр зыхэлъ псалъэхэр куэдкІэ гъэбэгъуащ, псалъалъэм хэмытми хъуну япэрей къыдэкІыгъуэм и нэщэнэу щыта, иджы бзэм къимыгъэсэбэпыж совет властым, коммунист идеологием епха псалъэхэр хигъэкІащ; Къэбэрдей адыгэхэм ямыцІыхуу шэрджэс адыгэхэм къагъэсэбэп псалъэ гупышхуэ хигъэхьащ, абыхэм я къуажэцІэхэр езыхэм я тхэкІэ хабзэм тету къэхьащ. ЕтІуанэ къыдэкІыгъуэм текъузэхэр зытегъэувар ар темытмэ тэмэму укъызэмыдджэф закъуэтІакъуэрщ. КъэпсэлъыкІитІ, тхыкІитІ зиІэ псалъэхэу литературэбзэм къищтахэр «//» дамыгъэкІэ зы сатырым щызэкІэлъыхьащ.

Пэжырытхэм и параграфхэм щапхъэу къыщыхьа псалъэхэм нэмыщІ, псалъалъэм хэтщ цІэ унейхэу, цІэ зэдайхэу, псалъэ зэпыщІахэу, н. зэхуэхьэса хъуахэр. Тхылъым къызэщІеубыдэ псори зэхэту псалъэу мин 12-м нэблагъэ. ЦІэхэр цІэиІуэ псалъэзешэм итщ, кІэухыр пымыту, лэжьыгъэцІэхэр (пэжырытхэм щапхъэу къыщыхьахэм нэмыщІ) инфинитив гъэпсыкІэм игъэуващ. Псалъэхэр зыщыщ лъэпкъыгъуэхэр щыгъэбелджылар зыщыщ лъэпкъыгъуэмкІэ абыхэм я тхыкІэр щызэхэкІым дежщ.

2005 гъэм **Тау Хь.Т.** и къарукІэ дунейм къытехьащ **«Адыгэбзэм и диалектхэм, говорхэм я псалъалъэ»**-р [Тау 2005]. Мыр адыгэ щІыпІэбзэхэм, псэлъэкІэхэм (нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я бзэри хыхьэу) къыщагъэсэбэп псалъэхэр щызэхуэхьэса япэ дыдэ къыдэкІыгъуэщ. Лэжьыгъэм псалъэ бжыгъэу 1400-м нэблагъэ хыхьащ.

Тхылъым хэт жыІэгъуэхэр къыхэхащ ипэкІэ къыдэкІа тхыгъэхэм, адыгэ диаспорэр щыпсэу къэралхэм (Сирием, Иорданием, Тыркум, США-м) езы зэхэлъхьакІуэм щызэхуихьэса материалхэм, щІыпІэбзэм и тхыдэ, псалъэтх лэжьыгъэ щыІэхэм.

Адрей псалъалъэхэм хуэдэу, псалъэхэр тхыпкъылъэкІэ зэкІэлъыхьащ. ЖыІэгъуэхэм урысыбзэкІэ псалъэгъэнахуэ етащ икІи литературэбзэм къащыпэхъу псалъэхэр къахуэхьащ. Апхуэдэ къимыгъуэтмэ, щІыпІэбзэ псалъэм къыщигъэлъагъуэ мыхьэнэр игъэнэхуащ. Псалъэхэр къызыхэкІа щІыпІэбзэхэр, псэлъэкІэхэр гъэбелджылащ.

2005 гъэм **Абазэ И.А.** Анкара къыщытригъэдзащ «**Тырку-адыгэбзэ псалъалъэ»**-р [Абазэ 2005]. Мыр тыркубзэр адыгэбзэкІэ (къэбэрдеибзэкІэ) зэзыдзэкІ япэ лэжьыгъэщ. Хамэ хэгъуэгухэм щыпсэу адыгэхэм я бзэр гъэлъэщын, бзэр ящымыгъупщэжын, кІуэдыжыпэным хуэгъунэгъу хъуа псалъэхэр бзэм къыхэнэн папщІэщ авторым псалъалъэ зэхэгъэувэным зыщІрипщытар, анэдэлъхубзэр зыщІэ щІалэгъуалэр кІуэтэху нэхъ мащІэ зэрыхъум иригузавэу.

Мыбы хыхьащ Тыркум ис адыгэхэр зыщымыгъуазэу къэкІыгъэхэм, псэущхьэхэм, хьэпІацІэ-хьэпщхупщхэм я фІэщыгъэ куэд. КъыщинэмыщІауэ, нобэкІэ бзэм щыземыкІуэж, е хамэбзэм щыщу къыхыхьа псалъэхэр, адыгэ фІэхъусхэр, шхыныгъуэхэм я цІэхэр, пшыналъэ Іэмэпсымэхэр, адыгэ къафэхэм я цІэхэр, адыгэ шы лъэпкъ нэхъ цІэрыІуэхэр, адыгэ псалъэжьхэр, н. къыщыгъэлъэгъуащ.

Псалъалъэм и ухуэкІэ хъуар мыращ: япэщІыкІэ тыркубзэ псалъэр, абы ткІуанитІкІэ пэщІэхауэ мыхьэнэкІэ пэхъу адыгэбзэ жыІэгъуэр къэхьащ. Мыхьэнэ зыбжанэ иІэмэ, ахэр хьэрып бжыгъэкІэ зэхэгъэкІащ. Тырку псалъэм и лъэбжьэгъухэр (псалъэ зэпхахэр, псалъэ зэхэлъхэр) нэзым мащІэу ІугъэкІуэтауэ къыщокІуэр, ахэри адыгэбзэ тэрмэшкІэ гъэбелджылащ. Псалъэхэр тырку тхыпкъылъэм ипкъ иткІэ зэкІэлъыхьащ. Тхылъым тырку псалъэу 22000-рэ, адыгэбзэ псалъэу 35000-рэ хэхуащ.

**ПщыхьэщІэ Л.И., ТІымыжь Хь.Т.** сымэ я къарукІэ 2006 гъэм гъэхьэзыра хъуащ «**Адыгэбзэм къыхыхьа хьэрып псалъэхэр»** псалъалъэр [ПщыхьэщІэ, ТІымыжь 2006]. Абы хыхьащ 400-м нэблагъэ псалъэ бжыгъэ. ЩІэныгъэ редактор хуэхъуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор БищІо Борис.

Мы къыдэкӀыгъуэр хамэбзэм (урысыбзэм нэмыщӀ) къыхэкӀыу адыгэбзэм къигъэсэбэп хъуа псалъэхэр щызэхуэхьэса япэ псалъалъэщ. Авторхэр яужь итащ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм хьэрыпыбзэм къыхэкӀахэм щыщу иджырей адыгэбзэм жыджэру къигъэсэбэп жыӀэгъуэхэр, диным, ӀэщӀагъэ щхьэхуэхэм, щӀэныгъэ унэтӀыныгъэхэм, щӀыпӀэцӀэхэм ехьэлӀа фӀэщыгъэцӀэхэр, н.къ. зэгъэуӀуным. Абыхэм гу лъыдагъатэ апхуэдэ жыӀэгъуэхэм адыгэ псалъэ гъэпсыкӀэм и хабзэхэр къащтауэ ди бзэм зэрыщылажьэм.

Мыпхуэдэ псалъалъэм лъэпкъ бзэщӀэныгъэр хуэныкъуэт, ар икъукӀэ щхьэпэ къахуэхъунущ тхакӀуэ-усакӀуэхэми, диным, щэнхабзэм я лэжьакӀуэхэми, тхыдэтххэми, этнографхэми, социологхэми, адыгэбзэм и гуащӀэр зыхэзыщӀэну хуей дэтхэнэми, лъэпкъ зэхуэмыдэхэр адыгэхэм къазэрыдэгъуэгурыкӀуар яубзыхун папщӀэ.

Тхылъым къыщхьэщыкӀыныгъэу иӀэщ ар псалъэгъэнахуэу зэрыщытыр. Псалъалъэр иджырей лексикографие лэжьыгъэхэм хуагъэув хабзэм тету зэхэлъхьащ. Псалъэхэр тхыпкъылъэкӀэ зэкӀэлъыхьащ, зы псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ иӀэмэ, ахэр зэхэгъэщхьэхукӀащ. ЖыӀэгъуэ къэсыху щӀэгъэбыдэну гъуазджэ, документ тхыгъэхэм, публицист, дин лэжьыгъэхэм щыщ щапхъэхэр къахуэхьащ. Хьэрыпыбзэм и фӀыгъэкӀэ нэгъуэщӀыбзэхэм (къэжэр, тырку, журт, алыдж, н.) къыхэкӀа псалъэхэу ди бзэм къищтахэри гъэбелджылащ. Хьэрыпыбзэм щаӀэ къэпсэлъыкӀэр тхыхьхэм дэту къэхьащ, урысыбзэкӀэ я мыхьэнэри щӀыгъужащ.

Тхылъым ирилэжьэныр къыбдигъэпсынщӀэу цӀэ-унэцӀэхэм, фӀэщыгъэцӀэхэм, псалъэ гъэкӀэщӀахэм, тегъэщӀапӀэ хъуа лэжьыгъэхэм я къетхэкӀхэр къыхуахьащ.

**Апажэ М.Л., КӀуэкӀуэ Дж.Н.** сымэ 2008 гъэм зэхалъхьа «**Адыгэ-урыс псалъалъэ»**-р лексикографием хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуа лэжьыгъэщ [Апажэ, КӀуэкӀуэ 2008]. Ар бзитӀу зэхэгъэува псалъалъэ лӀэужьыгъуэхэм щыщщ. ЖыӀэгъуэ 27000-м нэблагъэ итщ. Шэчыншэу, псалъалъэщӀэр и ухуэкӀэкӀи, и зэхэлъыкӀэкӀи, къагъэсэбэпа псалъэхэмкӀи нэхъ егъэфӀэкӀуащ. Псалъалъэм и къалэн хуэхъуар ӀуэхущӀафэ зэхуэмыдэхэм епхауэ литературэбзэм иужьрей илъэсхэм зыужьыныгъэ, зэхъуэкӀыныгъэ игъуэтахэр къэгъэлъэгъуэнырщ.

Тхылъым псалъэхэр адыгэбзэ тхыпкъылъэм тету щызэкӀэлъыхьащ. Псалъалъэ статьям мыпхуэдэ зэхэлъыкӀэ игъуэтащ: адыгэбзэ жыӀэгъуэр пэщӀэдзэ гъэпсыкӀэм итщ, лэжьыгъэцӀэмэ, ещанэ щхьэм, закъуэ бжыгъэм, ит зэманым игъэуващ; псалъэм зыгъэбелджылы тхьэбзэ зэмылӀэужьыгъуэхэр (псалъэ лъэпкъыгъуэ, стиль илъэныкъуэкӀэ) дэщӀыгъущ, мыхьэнэр урысыбзэкӀэ гъэнэхуащ.

ӀукӀэзэщхь зэхуэхъу псалъэхэр статья щхьэхуэу къэхьащ, рим бжыгъэкӀэ зэхэгъэкӀащ. ЩыӀэцӀэм зыгъэбелджылы тхьэбзэ дэщӀыгъукъым. Терминым и гъусэу псалъафэ къэхьамэ, ткӀуанэрэ ӀуантӀэкӀэ зэпэщӀэхауэ зы статья занэм хохьэр, псалъафэр ӀэрытхкӀэ къэщыпащ. Абы мыхьэнэ зыбжанэ щиӀэм хьэрып бжыгъэкӀэ зэщхьэщыгъэкӀауэ зы статьям къыщокӀуэ, мыхьэнэхэр ткӀуанэрэ ӀуантӀэкӀэ зэкӀэщӀах. И закъуэу къамыгъэсэбэп псалъэхэр, псалъафэхэм хэтхэр, ткӀуанитӀ нэужьым къыщахь.

Псалъалъэхэр зэраухуэ хабзэмкӀэ псалъэпэ, псалъалъэм и гъэпсыкӀэ, псалъэ гъэкӀэщӀахэм я къетхэкӀыр, адыгэ тхыпкъылъэр къыхуэхьащ. Псалъалъэм гуэдзэну дэщӀыгъущ «Географием ехьэлӀа адыгэцӀэхэм я псалъалъэ кӀэщӀ» КӀуэкӀуэ Дж.Н. игъэхьэзырар. А Ӏыхьэм хыхьащ Къэбэрдейм, абы пэгъунэгъу щӀыпӀэхэм яӀэ иджырей адыгэбзэ фӀэщыгъэцӀэхэр, урысыбзэ къэпсэлъыкӀэмрэ щӀыпӀэкӀэ здэщыӀэмрэ гъэбелджылауэ. ЩӀыпӀэцӀэ псалъалъэм фӀэщыгъэ 400-м нэс хыхьащ.

КъыщинэмыщӀауэ, Апажэ М.Л. адыгэ лексикографием и тхыдэр щызэфӀигъэувэж тхыгъэ и гъусэщ.

**Шэрджэс А.** и ӀэдакъэщӀэкӀыу 2009 гъэм дунейм къытехьащ «**Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ едгъэза псалъэхэр»** тхылъыр, адыгэ псалъэгъэнахуэм щӀыгъужыпхъэу къилъытэ материалыр иту [Шэрджэс 2009].

Псалъалъэр зытеухуар адыгэбзэм и къулеигъэхэр хъумэн зэрыхуейрщ. Абы хыхьащ бзэм хэкIуэдыкIыжыпа, е кIуэдыжыным нэса псалъэу 2000-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ зы псалъалъи зэи имыхуа, е зи мыхьэнэр тэмэму ямыгъэбелджылыфа жыIэгъуэхэр. ЦIыхум, Iэщым я Iэпкълъэпкъ пкъыгъуэхэм я цIэхэр; цIэ зиIэ узыфэхэр; гъущIхэкIхэр; мывэхэкIхэр; Iэщхэр, шыхэр я ныбжькIэ зэрызыхагъэкIхэр; Iэпслъэпсхэм я цIэхэр; гъукIэ, пхъащIэ, фащIэ Iэмэпсымэхэм зэреджэхэр, н. щхьэхуэу къэхьащ. Ахэр псалъэ 1000-м щIегъу.

А псом къыхэкIыу, тхылъыр икъукIэ къахуэщхьэпэнущ ди блэкIар къэзыхутэж тхыдэтххэми, этнологхэми, бзэрылажьэхэми, къызэрыгуэкI цIыхухэми.

Псалъалъэ хабзэм тету псалъэхэр тхыпкъылъэкIэ зэкIэлъыхьащ. ЖыIэгъуэм адыгэбзэкIэ гурыIуэныгъэ етащ икIи урысыбзэкIэ зэдзэкIащ. КъызыхэкIар щIыпIэбзэмэ, е макъыцIэм, псалъэзэпыщIэм, н. щыщмэ, абыхэм хуэкIуэ тхьэбзэхэмкIэ гъэбелджылащ.

Япэрей зэзыдзэкI къыдэкIыгъуэхэм яIа щыщIэныгъэ псори къалъытэри **БищIо Б.Ч., Къумыкъу Д.М., ТIымыжь Хь.Т.** сымэ зэхагъэуващ «**ЕджапIэхэм папщIэ урыс-адыгэ псалъалъэ**» («**Учебный русско-кабардино-черкесский словарь»)** [Бижоев, Кумыкова, Тимижев 2013]. Мыбы адрей псалъалъэхэм къащхьэщызыгъэкI нэщэнэ зыбжанэ иIэщ: япэрауэ, псалъэу куэдкIэ нэхъыбэ къызэщIеубыдэ; етIуанэрауэ, псалъэхэр нэхъ тэмэму зэдзэкIа хъуащ; ещанэрауэ, урыс псалъэ псоми, ахэр адыгэбзэкIэ зэрызэдзэкIам нэмыщI, грамматикэ илъэныкъуэкIэ я нэщэнэ зэмылIэужьыгъуэхэр ягъэнэIуащ. Апхуэдэуи жыIапхъэщ, мы тхылъым и авторхэм адыгэбзэм къыпэхъу зимыIэ урыс псалъэхэмрэ псалъафэхэмрэ IэщIыб зэрамыщIар. Щапхъэу къэтхьынщи, *винегрет, борщ, лапта, косоворотка, балалайка, бить баклуши*, *из мухи слона делать,* нэгъуэщIхэри, псалъалъэм хагъэхьащ, абыхэм я мыхьэнэр адыгэбзэм и IэмалхэмкIэ убзыхуауэ. Къыпэхъу зимыIэ занэхэм я зэдзэкIыкIэ Iэмалхэр теорие и лъэныкъуэкIэ щызэпкърыхащ авторхэм я тхыгъэ зыбжанэм [Кумыкова 2010; Кумыкова, Дзуганова 2015; Кумыкова 2017].

Мы псалъалъэм итщ псалъэ статьяуэ мин 24-м нэс. Курыт еджапIэм къыщагъэсэбэп псалъалъэхэр я инагъ, хьэлъагъкIэ мардэ гуэрхэм фIэбгъэкI зэрымыхъум къыхэкIкIэ, псалъэхэр зэдзэкIыным Iуэхур нэхъ теухуауэ, адрей информацэ лIэужьыгъуэхэр (грамматикэ илъэныкъуэкIэ псалъэ лъэпкъыгъуэхэм я нэщэнэхэр, щапхъэхэр) гъэмэщIауэ щытщ.

Псалъэхэр къыщыхахым авторхэм япэ ирагъэщащ нобэрей гъащIэм, псом хуэмыдэу еджэныгъэ Iуэхум, нэхъ узыщыхуейхэр. Псалъэм папщIэ, къэкIыгъэхэмрэ псэущхьэхэмрэ, тхыдэмрэ этнологиемрэ, бзэщIэныгъэмрэ литературэмрэ ехьэлIа фIэщыгъэцIэхэр.

Псалъэхэр тхыпкъылъэкIэ зэкIэлъыхьащ. Мыхьэнэ зыбжанэ зиIэхэр щхьэхуэу зэхэгъэкIащ. Псалъафэхэмрэ зэкIэщIэпч мыхъу псалъэхэмрэ псалъалъэ занэм и кIэм къыщыхьащ, ромб (♦) дамыгъэ япэм иту. IукIэзэщхь псалъэхэр статья щхьэхуэурэ къэхьащ, ахэр рим бжыгъэхэмкIэ зэщхьэщыхащ. Псалъэ къэсыху ахэр зыгъэбелджылы, грамматикэкIэ зыщыщыр наIуэ зыщI тхьэбзэхэр дэщIыгъущ (*м., ж., с., сов., несов*., *нареч*., *междом*., *вводн, сл*., н.), псалъэр къыщагъэсэбэп IэнатIэри къэгъэлъэгъуащ (*анат., биол., хим.,* н.къ.). Урысыбзэми адыгэбзэми я зэхуэдэ политикэ, щIэныгъэ, нэгъуэщI фIэщыгъэу зыкъомыфIым, зэрызэдзэкIам къыдэкIуэу, я мыхьэнэхэр адыгэбзэкIэ гъэнэIуащ.

Псалъалъэр къахуэсэбэпынущ, еджакIуэхэм ямызакъуэу, колледжхэмрэ лицейхэмрэ щеджэхэм, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс студентхэм, апхуэдэуи щIэныгъэлIхэмрэ IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытхэмрэ.

2015 гъэм **БищIо Б.Ч.** еджапIэхэм папщIэ игъэхьэзыращ **«Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ»** тхылъыр [БищIо 2015]. ФIэщыгъэцIэм къызэригъэлъагъуэщи, псалъалъэм и къалэныр псалъэхэм я мыхьэнэр гъэнэхуэнырщ, ауэ адрейхэм къащхьэщыкIыу мыбы жыIэгъуэхэм къарыкIыр адыгэбзэм и IэмалхэмкIэ

щыубзыхуащ. Нэхъыбэу псалъалъэр зыхуэунэтIар жьы хъуа е бзэм хэкIуэдыкIыу хуежьа псалъэхэр, къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм я цIэхэр, н. бзэм къыхэна хъунырщ. Псалъэ щхьэхуэхэм къадэкIуэу псалъалъэм гулъытэ лей щыхуэщIащ псалъафэхэми, жыIэгъуэхэми. Псори зэхэту тхылъым статьяуэ мини-7-м щIигъу щызэхуэхьэсащ.

Мыр лексикографием и мардэхэм тету адыгэбзэм япэу хузэхэгъэува псалъэгъэнахуэ псалъалъэщ. ИгъэнаIуэ жыIэгъуэхэр тхыпкъылъэкIэ зэкIэлъыхьащ. Адрей псалъалъэхэм ещхьу IукIэзэщхь псалъэхэр рим бжыгъэкIэ, мыхьэнэбэ псалъэхэр хьэрып бжыгъэкIэ зэщхьэщыхащ. ЦIэхэр цIэиIуэ псалъэзешэм, закъуэ бжыгъэм иту, лэжьыгъэцIэр инфинитив щытыкIэ иIэу къэхьащ, ар ещанэ щхьэм, ит зэманым игъэувауэ тхыхьхэм дэту къыкIэлъокIуэ. Псалъэхэр къызыхэкIа щIэныгъэр, щIыпIэбзэр, псэлъэкIэр зыгъэнаIуэ псалъэ гъэкIэщIахэмкIэ гъэбелджылащ (*биол., зоол., этн., миф, жьы, к.-з.,* н.). Щапхъэхэр художестеннэ литературэм, IуэрыIуатэм, нэгъуэщI тхыгъэхэм къыхэхащ.

Псалъалъэр еджакIуэхэм хуэгъэзащ, ауэ анэдэлъхубзэр нэхъ кууэ зэзыгъэщIэну, абы иIэ къулеягъэм, бзэ Iэмалхэм щыгъуазэ зызыщIыну, щытхэкIи щыпсалъэкIи шэрыуэу бзэм и Iэмалхэр къигъэсэбэпыфу зезыгъэсэну хуей дэтхэнэми къахуэщхьэпэнущ.

2015 гъэм **Иуанокъуэ Н.Р.** и тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ дунейм къытехьащ [Иваноков 2015]. АбыкIэ сэбэп хъуащ, лэжьыгъэми и редактор хуэхъуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и адыгэ къудамэм и унафэщI БищIо Борис.

КъыдэкIыгъэм и зы Iыхьэу хыхьащ «Этимологический анализ некоторых адыгских (черкесских) слов» зи фIэщыгъэцIэ этимологие псалъалъэр. Мыбы зэпкърыха щыхъуащ адыгэбзэ лъабжьэ зиIэ щIыпIэцIэхэр, псыцIэхэр, IуэрыIуатэм къыхэщ цIыхуцIэхэр, нартхэм зэрахьэу щыта, адыгэхэм къагъэсэбэп хьэпшыпхэм я фIэщыгъэхэр, адыгэ лъэпкъыцIэхэр. Къэхутэныгъэр егъэкIуэкIащ этимологием и хабзэхэм тету: адыгэбзэм и кIуэцIкIэ псалъэм хыхьэ морфемэхэм я мыхьэнэр, псалъэм игъуэта гъэпсыкIэр убзыхуащ, гъэнэхуащ.

ЖыIэгъуэ псоми я зэхэлъыкIэм, я ухуэкIэм, морфемэхэм, фонемэхэм Иуанокъуэм езым и еплъыкIэ хуиIэжщ икIи и гупсысэхэр уи фIэщ ищIу къеIуатэ. ЗыщигъэгъупщэркъЫм нэгъуэщI еплъыкIэ зиIэ щIэныгъэлIхэри. Этимологие зэпкърыхыныгъэ къэсыху и кIэм деж авторым къигъэсэбэпа тхыгъэхэм я къетхэкIыр къыщехь.

Апхуэдэу езы щIэныгъэлIым къигупсыса методыщIэхэр къигъэсэбэпурэ псалъалъэм щызэпкърихащ псалъэ 60-м щIигъу.

Шэчыншэу Иуанокъуэ Нурбий и лэжьыгъэхэр адыгэ бзэщIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщI щIэныгъэ тхыгъэхэщ.

## ТегъэщIапIэхэр
## Список источников


Бэрбэч, БищIо, IутIыж 2001 – *Бэрбэч Б.Ч., БищIо Б.Ч., IутIыж Б.К.* Адыгэбзэ фразиологизмэхэм я псалъалъэ. Налшык: Эльбрус, 2001. 235 н.

Табухов 2005 – *Табухов Х.К.* Толковый русско-кабардино-черкесский словарь. Нальчик: Эдь-Фа, 2005. 768 с.

Урыс, Зэхъуэхъу 2005 – *Урыс Хь.Щ., Зэхъуэхъу Л.Г.* Адыгэ пэжырытхэмрэ нагъыщэ гъэувыкIэмрэ я хабзэхэр. ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэ / Зэзыгъэзэхуар, дэзыщIыгъуар БищIо Б.Ч. Налшык: Эльбрус, 2005. 284 н.

Тау 2005 – *Тау Хь.Т.* Адыгэбзэм и диалектхэм, говорхэм я псалъалъэ. Налшык: КБГУ, 2005.

Абазэ 2005 – *Абазэ Ибрахим Алъхъэс.* Тырку-адыгэбзэ псалъалъэ. Анкара. 2005.

ПщыхьэщIэ, ТIымыжь 2006 – *ПщыхьэщIэ Л.И., ТIымыжь Хь.Т.* Адыгэбзэм къыхыхьа хьэрып псалъэхэр. Псалъэ 400 хуэдиз мэхъу. Налшык: Издательство КБНЦ РАН, 2006. 76 н.

Апажэ, КІуэкІуэ 2008 − *Апажэ М.Л., КІуэкІуэ Дж.Н.* Адыгэ-урыс псалъалъэ. Налшык: Эльбрус, 2008. 704 с.

Шэрджэс 2009 − *Шэрджэс А.* Яхуэмыфащэу лъэныкъуэ едгъэза псалъэхэр. Налшык: Изд. КБИГИ. 2009. 172 н.

Бижоев, Кумыкова, Тимижев 2013 − *Бижоев Б.Ч., Кумыкова Д.М., Тимижев Х.Т.* Учебный русско-кабардино-черкесский словарь. Нальчик: Эльбрус, 2013. 848 с.

БищIо 2015 − *БищIо Б.Ч.* Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ. ЕджапIэхэм папщIэ: псалъэ 7000 нэс. Налшык: Эльбрус, 2015. 376 с.

Иваноков 2015 − *Иваноков Н.Р.* Избранные труды. Нальчик: Издательство М. и В. Котляровых, 2015. 360 с.

Кумыкова 2010 − *Кумыкова Д.М.* Этнографические лакуны и способы их перевода // Лингвистические основы межкультурной коммуникации. 2010. С. 216–218.

Кумыкова, Дзуганова 2015 − *Кумыкова Д.М., Дзуганова Р.Х.* Стратегии элиминирования лексических лакун в русско-кабардино-черкесском словаре // Филологические науки. Вопросы теории и практики. 2015. № 12-4 (54). С. 122–125.

Кумыкова 2017 − *Кумыкова Д.М.* Лакунарность фразеологических единиц в кабардино-черкесском и русском языках // Вестник Института гуманитарных исследований Правительства Кабардино-Балкарской Республики и Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук. 2017. № 1 (32). С. 71–76.

## References

BJERBJECH B.Ch., BISHHIO B.Ch., IUTIYZH B.K. *Adygjebzje fraziologizmjehjem ja psal"al"je.* [phraseological dictionary of the Kabardino-Circassian language]. Nalshyk: Jel'brus, 2001. 235 n. (In Russian and Kabardino-Circassian)

TABUHOV H.K. *Tolkovyj russko-kabardino-cherkesskij slovar'* [Explanatory Russian-Kabardino-Circassian Dictionary]. Nal'chik: Jed'-Fa, 2005. 768 s. (In Kabardino-Circassian)

URYS H'.Shh. *Zjeh"ujeh"u L.G. Adygje pjezhyrythjemrje nag"yshhje g"jeuvykIjemrje ja habzjehjer* [Rules of spelling and punctuation of the Kabardino-Circassian language]. EtIuanje k"ydjekIyg"uje / Zjezyg"jezjehuar, djezyshhIyg"uar BishhIo B.Ch. Nalshyk: Jel'brus, 2005. 284 n. (In Kabardino-Circassian)

TAU H'.T. *Adygjebzjem i dialekthjem, govorhjem ja psal"al"je* [Dictionary of dialects and dialects of the Kabardino-Circassian language]. Nalshyk: KBGU, 2005. (In Kabardino-Circassian)

ABAZJE Ibrahim Al"h»jes. *Tyrku-adygjebzje psal»al"je* [Turkish-Kabardino-Chekes Dictionary]. Ankara. 2005. (In Tyrku and Kabardino-Circassian)

PSHHYH'JESHHIJE L.I., TIYMYZH' H'.T. *Adygjebzjem k"yhyh'a h'jeryp psal"jehjer* [Arabic borrowings in the Kabardino-Circassian language]. Psal"je 400 hujediz mjeh"u. Nalshyk: Izdatel'stvo KBNC RAN, 2006. 76 n. (In Kabardino-Circassian)

APAZHJE M.L., KIUJEKIUJE Dzh.N. *Adygje-urys psal"al"je* [Kabardino-Circassian-Russian Dictionary]. Nalshyk: Jel'brus, 2008. 704 s. (In Kabardino-Circassian)

SHJERDZHJES A. *Jahujemyfashhjeu l"jenyk"uje edg"jeza psal"jehjer*. Nalshyk: Izd. KBIGI. 2009. 172 n. (In Kabardino-Circassian)

BIZHOEV B.Ch., KUMYKOVA D.M., TIMIZHEV H.T. *Uchebnyj russko-kabardino-cherkesskij slovar'* [Educational Russian-Kabardino-Circassian Dictionary]. Nal'chik: Jel'brus, 2013. 848 s. (In Kabardino-Circassian)

BISHHIO B.Ch. *Adygjebzjem i psal"jeg"jenahuje* [Explanatory dictionary of the Kabardino-Circassian language]. EdzhapIjehjem papshhIje: psal'je 7000 njes. Nalshyk: Jel'brus, 2015. 376 s. (In Kabardino-Circassian)

IVANOKOV N.R. *Izbrannye Trudy* [Selected writings]. Nal'chik: Izdatel'stvo M. i V. Kotljarovyh, 2015. 360 s. (In Russian)

KUMYKOVA D.M. *Etnograficheskie lakuny i sposoby ih perevoda* [Ethnographic gaps and methods of their translation]. IN: Lingvisticheskie osnovy mezhkul'turnoj kommunikacii. 2010. P. 216–218. (In Russian)

KUMYKOVA D.M., DZUGANOVA R.H. *Strategii eliminirovaniya leksicheskih lakun v russko-kabardino-cherkesskom slovare* [Strategies for eliminating lexical gaps in the Russian-Kabardino-Circassian dictionary]. IN: Filologicheskie nauki. Voprosy teorii i praktiki. 2015. № 12-4 (54). P. 122–125. (In Russian)

KUMYKOVA D.M. *Lakunarnost' frazeologicheskih edinic v kabardino-cherkesskom i russkom yazykah* [Lacunarity of phraseological units in the Kabardino-Circassian and Russian languages]. IN: Vestnik Instituta gumanitarnyh issledovanij Pravitel'stva Kabardino-Balkarskoj Respubliki i Kabardino-Balkarskogo nauchnogo centra Rossijskoj akademii nauk. 2017. № 1 (32). P. 71–76. (In Russian)

**Авторым теухуауэ**

**АфIэунэ А.А.** – филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, адыгэбзэ секторым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжь.

**Информация об авторе**

**А.А. Афаунова –** кандидат филологических наук, старший научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка

**Information about the author**

**A.A. Afaunova** – Candidate of Science (Philology), Ricercatore senior of the Kabardino-Circassian Language Sector.

Статья поступила в редакцию 03.06.2023; одобрена после рецензирования 20.06.2023; принята к публикации 02.07.2023.

The article was submitted 03.06.2023; approved after reviewing 20.06.2023; accepted for publication 02.07.2023.